

Depistaj Kansè Nan Poumon Èske I ap bon pou ou?



Tès depistaj pèmèt yo detekte kansè kay moun ki pa gen okenn siy oswa sentòm. Tès depistaj sa yo ka ede yo dekouvri kansè byen bonè lè tretman an gen plis chans pou l reyisi.

Yon eskanè ak dòz ki ba (LDCT) se tès ki itilize pou fè tès depistaj kansè nan poumon. Se yon tip radyografi ki ede founisè swen sante yo egzaminen poumon w. Eskanè sa san doulè e li pran jis kèk minit. Anvan ou fè eskanè a, yo ka mande w pou w wete rad ou epi mete yon blouz pasyan sou ou.

Founisè swen sante w ka di w plis bagay sou depistaj kansè nan poumon epi detèmine si ou kalifye. Ansanm, ou ka decide si tès depistaj kansè nan poumon ak LDCT ap bon pou ou.

Konbyen pakè/ane mwen te fimen?

	<input type="text"/>	Kantite ane depi wap fimen
X	<input type="text"/>	Kantite mwayèn pakè* ou fimen chak jou
=	<input type="text"/>	Pakè ane

* 1 pakè = 20 sigarèt

Sosyete Kansè Ameriken rekòmande tès depistaj chak ane pou kansè nan poumon ak yon eskanè LDCT pou moun ki gen laj 50 a 80 an ki:

- Ap fimen oswa te konn fimen

EPI

- Gen antesedan omwen 20 ane ap fimen

Yon pakè-ane egal a fimen 1 pakè (oswa apeprè 20 sigarèt) pa jou pandan yon ane. Pa egzanzp, yon moun ta ka gen yon antesedan 20 pakè-ane lè li fimen 1 pakè pa jou pandan 20 ane, oswa lè li fimen 2 pakè pa jou pandan 10 ane.



Sa w dwe konnen sou tès depistaj kansè nan poumon

- **Yon eskanè LDCT bay plis imaj detaye pase yon radyografi pwatrin estanda.** Radyografi pwatrin estanda pa rekòmande pou depistaj kansè nan poumon.
- **Eskanè LDCT yo kouvri pa Medicare ak anpil plan asirans sante prive.** Verifye pou wè si asirans ou ap peye pou eskanè a.
- **Anvan yon eskanè LDCT, ou pral gen bezwen retire objè metal yo.** Sa gen ladan nenpòt rad oswa objè ki gen metal, tankou zip, soutyen, bijou, oswa zanno.
- **Lòt tès siplemantè ka nesèsè. Moun ki chwazi fè tès depistaj yo ta dwe dispoze pou fè lòt tès si yo dekouvri yon bagay.** Si founisè swen sante w sijere plis tès, sa pa toujou vle di ou gen kansè nan poumon. Anpil moun ki fimen oswa ki te konn fimen gen nodil nan poumon yo ke yo ka wè sou yon eskanè LDCT. Founisè swen sante w kapab vle vlerifye yon lòt fwa nodil ou yo si ou genyen yo.
- **Tès depistaj ka lakòz yon tretman anplis.** Pafwa, depistaj konn mennen nan dekouvèt ak tretman yon kansè ki te ka pa janm lakòz sentòm. Pale ak founisè swen sante w sou tretman anplis si ou gen kesyon oswa enkyetid.
- **LDCT ekspoze moun ak yon ti kantite radyasyon. Li mwens pase dòz nan yon eskanè estanda.** Ekspè yo dakò sou benefis ki genyen nan tès depistaj yo ki depase ti risk pou eskanè LDCT anyèl yo genyen pou ta lakòz kansè (sou anpil ane).
- **Depistaj ede diminye risk pou mouri de kansè nan poumon.** Lè yo jwenn kansè nan poumon byen bonè, tretman an gen plis chans pou l reyisi.
- **Si w chwazi pou w fè tès depistaj, li enpòtan pou retounen chak ane pou yon eskanè LDCT.**
- **Kite fimen, ka ede diminye risk pou w gen kansè nan poumon.** Depistaj kansè nan poumon pa pwoteje w kont danje ki gen nan fimen. Si ou fimen, pale ak founisè swen sante w sou yon plan ak zouti pou ede w kite fimen.



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit entènèt American Cancer Society nan [cancer.org/haitiancreole](https://www.cancer.org/haitiancreole) oswa rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè w bezwen nou.